


# Fè Tès pou Kansè nan Kolon

## Kisa kansè nan kolon ye?

Yo rele kansè nan kolon tou kansè kolorektal. Se kansè nan **kolon** an oswa **rektòm** lan.

## Kimoun ki ta dwe fè depistaj?

Risk ou pou kansè nan kolon ogmante amezi w ap vyeyi. **Li enpòtan pou tout moun kòmanse fè depistaj pa pita pase laj 45 lane.** Kèk moun dwe fè depistaj pi bonè si yo gen "gwo risk".



**Source:** Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini

## Kòman pou m konnen si m gen "gwo risk"?

Yo konsidere w gen "gwo risk" si w gen:

- Istwa pèsonèl oswa istwa familyal pou kansè nan kolon.
- Maladi enflamatwa entesten (Inflammatory Bowel Disease, IBD) se yon gwoup maladi ki lakòz anflamasyon (doulè ak anfleman) nan tib dijestif ou. Sa gen ladan maladi Crohn ak kolit ilserez.
- Sendwòm jenetik koni oswa sispèk anrapò ak kansè nan kolon.
- Istwa pèsonèl polip ki gen pi gwo risk ke yo te retire nan kolon w lontan.

## Kisa siy yo ye?

Kèk siy posib yo gen ladan:

- San nan poupou w
- Doulè pèsistan nan vant
- Pèt pwa san rezon

**Mwen santi m byen epi m pa gen okenn siy. Èske m dwe fè depistaj kanmenm?**

**Wi.** Souvan pa gen **okenn siy bonè pou kansè nan kolon.** Se poutèt sa li tèlman enpòtan pou w fè tès.

## Ki chwa mwen genyen pou tès?

Si w gen yon risk mwayen pou kansè nan kolon, ou ka fè yon **tès lakay ou ki baze sou poupou** oswa yon **kolonoskopi**. Si yo konsidere w gen "gwo risk", ou dwe fè yon **kolonoskopi**.

- Opsyon **tès ki baze sou poupou** gen ladan: yon **tès FIT fè yon fwa pa ane** oswa yon **tès FIT-DNA (Cologuard) ki fèt chak 3 zan.** Ou ka fè tès sa yo fasilman lakay ou epi voye yo tounen nan laboratwa a pou yo teste yo. Tès sa yo chèche ti kantite san nan poupou w. San an gendwa yon siy kansè. Si yo jwenn san, w ap bezwen yon kolonoskopi.
- Kolonoskopi se yon tès yon doktè fè.** Doktè w la pral sèvi ak yon ti tib pou verifye si gen kansè oswa polip. Polip yo se kwasans ki ka tounen kansè apre yon peryòd tan.

**Pale ak doktè CHN ou si w gen kesyon konsènan si pou w fè tès!**